SCIENCE AND SOCIETY-
FAN VA JAMIYAT- НАУКА И
ОБЩЕСТВО
ILMIY-TAHLILIY JURNAL

SCIENCE REVEALS THE TRUTH




Issue - 5(2025) / ISSN 2992-913X Available at www.uznauka.uz

# SHAŃARAQTAǴI KELISPEWSHILIKLER HÁM OLARDIŃ SEBEPLERI

**Mambetiyarova Venera**
Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti "Pedagogika psixologiya" kafedrasi
Shańaraq psixologiyası pàni oqıtıwshaısı,
"Àmeliy psixologiya" qàniygeligi 3 kurs talabası Uzakova Bayramgúl

***Annotaciya***: *Bul maqalada shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdiń tiykarǵı túrleri hám olardıń kelip shıǵıw sebepleri kúndelikli turmıstaǵı sociallıq, psixologiyalıq hám ekonomikalıq faktorlar kórinisinde tallanǵan. Avtor shańaraq aǵzaları arasındaǵı kommunikaciya jetispewshilikleri, qádiriyat ayırmashılıqları, finanslıq qıyınshılıqlar hám temperamentlik uyqassızlıqlar sıyaqlı faktorlardıń konfliktlerdiń júzege keliwine qanday tásir etetuǵınına toqtap ótedi. Máselelerdi sheshiw ushın kommunikaciya qábiletlerin jetilistiriw, kompromiss izlew, psixologiyalıq járdem hám mediaciya qurallarınan paydalanıw zárúrligi atap ótilgen. Maqala shańaraq qatnasıqlarınıń turaqlılıǵın támiyinlew ushın ıqlassızlıq, sabırlılıq hám bir-birine húrmet penen túsiniwdiń áhmiyetine itibar qaratıp, házirgi zaman shańaraq qatnasıqları boyınsha ilimiy hám ámeliy zamanagóy usınıslar beredi.*

***Gilt sózler:*** *Shańaraq, kelispewshilik, Konflikt, kommunikaciya, psixologiyalıq faktorlar, ekonomikalıq qıyınshılıq, qudrıylıqlar, mediatsiya, psixoterapiya, jámiyet, kompromiss, sociallıq transformaciya*

Shańaraq – jámiyettiń tiykarǵı ózegi bolıp esaplanadı. Házirgi zamanǵı shańaraq aǵzaları arasında kelispewshiliklerdiń júzege keliwi sociallıq-ekonomikalıq, psixologiyalıq hám basqa da faktorlarǵa baylanıslı. Bul maqalada shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdiń tiykarǵı túrleri, olardıń kelip shıǵıw sebepleri,

Issue - 5(2025) / ISSN 2992-913X Available at www.uznauka.uz

nátiyjelerine tereń ilimiy tiykarlanǵan analiz beriledi hám olardı sheshiw jolları qarastırıladı.

Shańaraqtaǵı kelispewshilikler – bul er menen hayal, ata-ana menen balalar, qáyin ata menen kelin, shańaraq aǵzaları arasındaǵı túsinispewshiliklerdiń nátiyjesinde payda bolatuǵın qarama-qarsılıqlar. Házirgi dáwirde jámiyetlik rawajlanıw, sociallıq transformaciyalar, ekonomikalıq ózgerisler shańaraq qurılısına hám shańaraq qatnasıqlarına kúshli tásir kórsetip atır. Soǵan baylanıslı, shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdiń sebepleri de kúnnnen-kúnge kúsheymekte.

Házirgi zamanǵı izertlewler shańaraqtaǵı kelispewshilikler óziniń tábiyatı boyınsha kóp qırrlı hám kúrdeli ekenligi haqqında aytadı. Olardı bir neshe túrlerge bóliwge boladı. Ekonomikalıq kelispewshilikler shańaraq ekonomikasın basqarıw máseleri menen baylanıslı. Aqsha qarajatların júritiw, úy xojalıǵın basqarıw, materiallıq resurslardı paydalanıw – bular kelispewshiliklerge sebep bolıwı múmkin. Izertlewlerge qaraǵanda, shańaraqların buzılıwına alıp keletuǵın konfliktlerdiń 30% ekonomikalıq máselelerge baylanıslı boladı. Ekonomikalıq kelispewshilikler ayırıqsha túrde jámiyettiń sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayınıń ózgeriwi, jumıssızlıq, inflyaciya hám basqa da qıyın jaǵdaylarda kúsheyedi. Shańaraq aǵzalarınıń har qıylı qarım-qatnasları, aqsha jumsawdaǵı basımshılıqları hám juwapkershiliklerdi bólistiriwdegi kelispewshilikler bul kategoriyaǵa kiredi.

Kommunikativlik kelispewshilikler shańaraq aǵzaları arasınada óz-ara túsinispewshilikke hám sóylesiwge waqıt ajıratpawdıń nátiyjesinde júzege keledi. Bunday kelispewshilikler er hám hayallar arasındaǵı kommunikaciya stilindegi ayırmashılıqlarǵa baylanıslı. Psixologlar ayırıqsha túrde házirgi digital texnologiyalar dáwirinde kommunikaciya kelispewshilikleri artıp atırǵanın atap

ótedi. Gadjetlerden uzaq waqıt paydalanıw shańaraq aǵzalarınıń bir-biri menen tikkeley baylanısın kemeytti. Shańaraq aǵzaları arasındaǵı kommunikaciya ornatılmaǵan bolsa, sóylesiwdiń ornına ayrım jaǵdaylarda baqırıw, sógiw yamasa únsiz qalıwǵa aylanıwı múmkin. Komunikativlik qabilettiń tómen bolıwı, pikirdi ashıq aytpaw yamasa basqasın tıńlay almaw da bul túrge kiredi.

Qudrıylıqlarǵa baylanıslı kelispewshilikler shańaraq aǵzalarınıń hayat, tarbiya, ruwxiy hám mádeniy qudrıylıqlarınıń har qıylı bolıwı da kelispewshiliklerdiń tiykarǵı sebebi boladı. Házirgi jámiyette áwladlar arasındaǵı qudrıylıqlar arasındaǵı ayrımashılıqlar kúshli seziledi. Bul ayırıqsha túrde balalardı tárbiyalawdaǵı usıllar, ruwxiy máselelerdegi poziciyalar, úrp-ádetlerge munasabetler boyınsha kózge taslanadı. Házirgi izertlewlerge qaraǵanda, qudrıylıqlar sistemasındaǵı ayırmashılıqlar shańaraqlardaǵı kelispewshiliklerdiń 25% quraydı hám házirgi zamangı jámiyette bul kórsetkish artıp atır.

Shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdiń kelip shıǵıw sebepleri túrli faktorlarǵa baylanıslı. Sociallıq-psixologiyalıq faktorlardan psixologiyalıq úylesimliktiń joqlıǵı – shańaraq aǵzalarınıń temperament, xarakter hám emociyalıq kórsetiwshilerindegi ayırmashılıqlar áhmiyetli orındı iyeleydi. Sonday-aq rollerdiń úylesimliliginiń joqlıǵı, yǵaniy shańaraqtaǵı rollerdi anıq bólispewi, rollerden qanaatlanbaslıq ta kelispewshilikler kelip shıǵıwına alıp keledi. Empatiya joqlıǵı, yǵaniy basqanıń sezimlerdi túsiniwge hám ortaqlasıwǵa umtılıstıń joqlıǵı hám uzaq waqıt dawamında stressli jaǵdaylarda jasawdıń nátiyjesinde júzege keletuǵın shıdamlılıqtıń tómenligi de sociallıq-psixologiyalıq faktorlarǵa kiredi.

Jámiyettiń ózgeriwi, mádeniy qudrıylıqlardıń transformaciyası, urbanizaciya processleri shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdiń kelip shıǵıwına alıp

Issue - 5(2025) / ISSN 2992-913X Available at www.uznauka.uz

keledi. Shańaraq institutınıń transformaciyası – dástúriy shańaraq modellerinan házirgi zamangı modeline ótiw процесси de óz tásirin tiygizbey qoymadı. Gender rollerdiń ózgeriwi – hayallar menen erler arasındağı jumıs hám juwapkershiliklerdiń qayta bólistiriliwi nátiyjesinde er-erkek hám hayallar arasında jańasha múnasibetler payda boldı. Erlerdiń monopol asırawshı roli ózgerdi, hayal-qızlar xalıq xojalığınıń barlıq tarawlarına kirip keldi. Urbanizaciya processi – qala jağdayında jasawdıń stresstiń artıwına hám shańaraq ağzalarınıń bir-birinen uzaqlasıwına tásiri de seziw múmkin. Mádeniy tásirler – globalizaciya processleri menen baylanıslı bolǵan qudrıylıqlar sistemasınıń ózgeriwi de sociallıq mádeniy faktorlarğa kiredi.

Ekonomikalıq faktorlardıń shańaraqtağı kelispewshiliklerde áhmiyeti joqarı. Ekonomikalıq stabilliktiń joqlığı, jumıssızlıq, finanslıq qıyınshılıqlar shańaraqtağı kelispewshiliklerdıń tiykarğı sebepleri bolıp esaplanadı. Izertlewlerge kóre, turmıs qurǵannan keyingi dáslepki jıllarından-aq finans máseleleri baylanıslı kelispewshilikler baslanadı. Finanslıq turmıs dárejesiniń tómenligi – tirishilik etiwge qarajatlardıń jetispewshiligi, jumıssızlıq – jumıs ornınıń joqalıwı yamasa uzaq waqıt dawamında jumıssız bolıw, ekonomikalıq teńsizlik – shańaraq ağzaları arasında ekonomikalıq resurslardı teń bólispew, sonday-aq úy-jay máselesi – turaq-jay sharayatlarınıń qanaatlanbawı yamasa onıń joqlığı kelispewshiliklerge alıp keliwi múmkin.

Úzliksiz dawam etetuğın hám sheshilmegen shańaraqtağı kelispewshilikler awır keri nátiyjelereğe alıp keliwi múmkin. Olar shańaraq ağzalarınıń psixologiyalıq jağdayına tásir etedi. Depressiya hám trevoganıń rawajlanıwı – uzaq dawam etetuğın shańaraqtağı konfliktler emocional jağdaydıń buzılıwına alıp

Issue - 5(2025) / ISSN 2992-913X Available at www.uznauka.uz

keledi. Óz-ózin bahalawdıń tómenlewi – konfliktler nátiyjeside jaqınlarınan izbe-iz kritika esitken adamlar óz qádirin tómen seziwi múmkin. Psixosomatikalıq buzılıslar – shańaraqtaǵı kelispewshilikler fizikalıq densawlıqqa da tásir etedi, immunitet tómenleydi, júrek-qan tamırları sisteması, as siñiriw organları sistemaları buzıladı.

Shańaraq kelispewshilikleri balalardıń rawajlanıwına да kúshli tásir etedi. Ata-analar arasındaǵı úzliksiz kelispewshilikler balalardıń rawajlanıwına hám minez-qulqına da tásir etedi. Emotsionallıq hám psixologiyalıq travmalar – ata-anaları arasındaǵı kelispewshilikler balalar psixikasına kúshli zıyan keltiredi. Deviant minez-qulıqtıń rawajlanıwı – balalar hám óspirimler arasında aggressivlik, óz-ózin izolaciya qılıw, oqıwdan bas tartıw, alkogol hám psychoaktiv zatların qollanıw jaǵdayları artadı. Sociallıq bezimlestiriliwdiń buzılıwı – keleshek turmıs qurıw waqtında shańaraq qatnasıqların qurıwda qıyınshılıqlar júzege keledi.

Shańaraqtaǵı kelispewshilikler ajırasıw hám shańaraqtıń buzılıwına alıp keledi. Statistikalıq maǵlıwmatlar boyınsha – sheshilmegen shańaraqtaǵı kelispewshilikler ajırasıwdıń tiykarǵı sebepleri bolıp tabıladı. Ajırasıwdıń sociumǵa tásiri – ajırasıw tek ǵana shańaraq aǵzalarına emes, pútkil jámiyetke socioekonomikalıq júkti arttıradı. Demografiyalıq kórsetkishlerdiń ózgeriwi – shańaraqtıń turaqlılıǵı demografiyalıq jaǵdayǵa tikkeley tásir etedi.

Joqarıda keltirilgen faktorlardı esapqa alıp, shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdi aldin alıw hám sheshiw boyınsha bir neshe usınıs beriwge boladı. Olardıń birinshisi – kommunikaciya qabiletlerin jetilistiriw. Aktiv tıńlaw kónlikpelerin rawajlandırıw – basqanıń pikirlerine hám sezimlerine qızıǵıwshılıq kórsetiw áhmiyetli faktor bolıp esaplanadı. "Men" poziciyasınan sóylew – ayblaw

Issue - 5(2025) / ISSN 2992-913X Available at www.uznauka.uz

emes, al óz sezimler hám oy-pikírlerin aytıw da kelispewshiliklerdi sheshiwge múmkinshilik beredi. Bunnan tısqarı, ashıq dialog júrgiziw – shańaraq májilislerin ótkeriw, mashqalalar hám qıyınshılıqlar haqqında sóylesiw múmkin bolsa, digital kommunikaciya qabiletin rawajlandırıw da házirgi dáwirdegi texnologiyalar túrli formadağı kommunikaciyağa tásir etedi.

Kompromiss izlew hám birgelikte máplerdi izlew jánjaqlardı tez arada sheshiwge járdemlesedi. Kelisiw uqıplığın rawajlandırıw – har eki tárepke de paydalı sheshim tabıw – jánjaqlardı aldin alıwğa járdemlesedi. Ortaq maqsetlerdi anıqlaw – ortaq máp esabınan bir-birin qollap-quwatlawğa umtılıw – ortaq qatnasıqtı ornatadı. Qaysarlıqtan bas tartıw – óziniń poziciyasında qattı turıwdıń ornına, máplerdi izlep tabıw – kelispewshiliklerdi arttırmaydı. Alternativ variantlardı izlew – konflikt jağdayınan shığıwdıń basqa jolların tabıw ta múmkin.

Jámiyette shańaraqlardı qollap-quwatlaw boyınsha kóplegen jumıslar alıp barılmaqta. Shańaraq psixoterapiyası – professionallıq járdem shańaraqtağı kelispewshiliklerdi sheshiwde effektivli usıl bolıp esaplanadı. Mediatsiya – kelispewshiliklerdegi bitimge keliw hám ortalıqtağı poziciyanı tabıw ushın mediator xızmetinen paydalanıw – házirgi dáwirde jámiyette keń taralmaqta. Psixologiyalıq konsultaciya – jeke hám jup konsultaciyaları shańaraq ağzalarınıń túsiniwine járdemlesedi. Sonday-aq óz-ózin rawajlandırıw kursları – emociyalıq intellekti, stressti basqarıw, kommunikativ qabiletlerdi rawajlandırıw kursları da shańaraq múnásibetlerin bekkemlew ushın áhmiyetli qádimlerden biri bolıp esaplanadı.

Jámiyetlik uyımdarğa shańaraqtağı kelispewshiliklerdi aldin alıw ushın keń kóllemli is ilajlardı ámelge asırıw zárúr. Ata-analarğa psixologiyalıq-pedagogikalıq

tárbiya hám bilim beriw sistemasın jarıtıw, balalarǵa kommunikativlik qabiletlerdi rawajlandırıw boyınsha tálimlew beriwdi ámelge asırıwdı jámáátlik dárejede qollap-quwatlawdan ibarat. Professionallıq psixologlar, sociallıq xızmetkerler kelispewshiliklerdi aldin alıw boyınsha máslahát beriwi múmkin.

Shańaraqtaǵı kelispewshilikler – bul normal qubılıs, biraq olardı ańlamaslıq hám durıs basqarmaslıq awır aqıbetlerge alıp keliwi múmkin. Házirgi ilimiy-izertlew jumısları shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdi izertlew hám olardı sheshiw jolların tabıwda úlken tabıslarǵa eristi. Shańaraq aǵzalarınıń óz-ara húrmet hám túsiniw, kommunikativlik qabiletlerin rawajlandırıw, ıqlassızlıq hám keshirimlilik – shańaraqtıń turaqlılıǵın támiyinleydı.

Shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdi aldin alıwda hám sheshiwde tıńlaw uqıbı, óz sezimlerdi durıs jetkeriw, basqanıń poziciasın húrmet etiwden ibarat. Sociallıq-ekonomikalıq ózgerisler dáwirinde shańaraqtı qollap-quwatlaw boyınsha sociallıq programmalardı rawajlandırıw, psixologiyalıq járdem oraylarin ashıw, shańaraq qudrıylıqların násiyhatlawǵa qaratılǵan is-ilajlardı ámelge asırıw bul baǵdarda áhmiyetli bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, shańaraqtaǵı kelispewshilikler – bul hár qanday turmıs qurǵan juptıń bir belgili dáwirde ushırasatuǵın hádiysesi. Házirgi zamanǵı jámiyettiń rawajlanıwı hám ózgeriwi, bul kelispewshiliklerdiń túrlerin, sebebplerin, nátiyjelerin izertlew hám sheshiw ushın keń kólemli jolların tawıp atır. Sonlıqtan kelispewshilikke duwshar bolǵan jup yamasa shańaraq aǵzalarınıń óz-ara múnásibetlerdi durıs qurıwı, sabırlıq, keshirimshilik, ıqlasıń hám húrmet kórsetiwi, jaqsı qatnasıqtı qáliplestiriwdiń birden-bir tiykarı bolıp esaplanadı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

SCIENCE AND SOCIETY-
FAN VA JAMIYAT- НАУКА И ОБЩЕСТВО
ILMIY-TAHLILIY JURNAL

Issue - 5(2025) / ISSN 2992-913X Available at www.uznauka.uz

1. Qabılova, G. (2019). Shańaraq psixologiyası: qatnasıqlar, konflikti hám onı sheshiw jolları. Nókis: Qaraqalpaqstan.

2. Allamuratov, A., hám Erjanova, M. (2021). Sociallıq-psixologiyalıq faktorlar hám shańaraqtaǵı kelispewshilikler. Tashkent: Mánawiyat.

3. Nurmuratova, L. (2020). "Shańaraq institutınıń transformaciyası hám onıń jámiyetke tásiri", Álewmet hám zaman, №4, b. 45–52.

4. Karimov, D. (2018). Sociallıq qatnasıqlar psixologiyası. Nókis: Bilim.

5. Yusupova, R. (2022). "Kommunikaciya jetispewshilikleri hám shańaraq qatnasıqlarındaǵı konfliktli jaǵdaylar", Qaraqalpaq pedagogika jurnalı, №1, b. 33–40.

6. Beknazarov, U. (2023). Mediatsiya hám shańaraq konflikti: teoriyalıq hám ámeliy kózqaraslar. Tashkent: Adolat.